# ЕгъэшIэрэ щысэу тиIэх

2020-рэ илъэсым мэзаем и 1-м къыщегъэжьагъэу «Творчествэми ТекIоныгъэр къыгъэблагъэщтыгъ» зыфиIорэ Iофтхьабзэр Адыгэ Республикэм щэкIо.

КУЛЬТУРА
НАЦИОНАЛЬНЫЕ ПРОЕКТЫ РОССИИ



Республикэм культурэмкIэ и Министерствэ ар зэхищэгъ, ТекIоныгъэм ия 75-рэ илъэс фэгъэхьыгъ.

— Хэгъэгу зэошхом илъэхъан фашист техакIохэм язэхэкъутэн пхъашэу хэлэжьагъэхэм творчествэм иIофышIэхэр ащыщых, — къытиIуагъ Адыгэ Республикэм культурэмкIэ иминистрэу Аулъэ Юрэ. — ТхакIохэм, тхылъеджапIэхэм, культурэм иунэхэм яIофышIэхэм, артистхэм, нэмыкIхэм Родинэр къаухъумэзэ, апсэ емыблэжьхэу зэуагъэх, ТекIоныгъэм и Мафэ къагъэблэгъагъ.

Хэгъэгум ишъхьафитныгъэ къэзыухъумагъэхэр тэгъэльапIэх, ящытхъу щыIэныгъэм щытэIуатэ. Тарихъым инэкIубгъохэр нахьышIоу тшIэнхэм, шIэжь яIэу ныбжьыкIэхэр пIугъэнхэм, дзэм кIощт кIалэхэм ухьазырыныгъэ дэгъу яIэным фэшI республикэм культурэмкIэ зэхищэгъэ Iофтхьабзэм мэхьэнэ ин иIэу зэрэщытыр щыIэныгъэм къыщэлъагъо. Культурэм щылажьэхэрэм, творчествэм пылъхэм гъэзетым къыщыхэтыутыгъэ тхыгъэхэр ашIогъэшIэгъоных, едгъэжьэгъэ Iофыр лъыдгъэкIотэнэу къэльаIох.

## Апэрэхэм ащыщ

Кощхьэблэ районым икIэлэцIыкIу модельнэ тхылъеджапIэ «Творчествэми ТекIоныгъэр къыгъэблагъэщтыгъ» зыфиIорэм чанэу хэлажьэ. Лъэпкъ проектэу «Культурэр» щыIэныгъэм щыпхырыщыгъэнымкIэ унэшъо хэхыгъэхэр тхылъеджапIэм рихьухьагъэх.

— КIэлэцIыкIухэм тарихъыр нахь дэгъоу зэрагъэшIэнымкIэ, районым щыщхэу Хэгъэгу зэошхом лIыгъэ щызезыхьагъэхэм щыIэныгъэ гъогоу къакIугъэм щыгъозэнхэмкIэ, лIыхъужъхэм щысэ атырахызэ, псэунхэмкIэ «Творчествэми ТекIоныгъэр къыгъэблагъэщтыгъ» зыфиIорэ Iофтхьабзэм мэхьэнэ ин иIэу тэлъытэ. КIэлэцIыкIухэм апае тапэкIи зэIукIэгъухэр зэхэтщэщтых, лIыгъэм, зэкъошныгъэм, мамыр псэукIэм игъэпытэн татегущыIэщт, — къыIуагъ Кощхьэблэ районым имодельнэ кIэлэцIыкIу тхылъеджапIэ иIофышIэу М. Пщызэпекъом. – Тхылъхэм, гъэзетхэм, Интернетым инэкIубгъохэм яшIуагъэкIэ тигупшысэхэр кIэлэцIыкIухэм нахьышIоу альытэгъэIэсых.

## Тхылъым иныбджэгъухэр

Кощхьэблэ районым имодельнэ тхылъеджапIэ ипащэу ЕмыкI Марыет изэфэхьысыжьхэм къащыхигъэщыгъэм тигъэгушIуагъ.

КIэлэеджакIохэри, IофшIапIэ зэфэшъхьафхэм аIутхэри ТекIоныгъэм ия 75-рэ илъэс фэгъэхьыгъэ зэхахьэхэм ахэлажьэхэзэ, заом ехьылIэгъэ тхылъхэм къакIэупчIэх. Унагъом, лIакIом щыщхэу пыйхэм язэуагъэхэм якъэбархэр нахьышIоу зэрагъэшIэным пылъэх.

## ПытапIэхэр агъэпсыгъэх

Бэгъэрэт Зое 1922-рэ ильэсым Фэдз къыщыхъугъ. Илъэс 12-м итэу ибэу къызэнэм, кIэлэцIыкIу IыгъыпIэм ащагъ, ау бэ темышIэу ятэшым ыдэжь ыщэжьыгъ.

Зое ышэу Асльанчэрые дзэм къулыкъур щихьызэ, Хэгъэгу зэошхор къежьагъ. Iашэр ылыгъэу пыйхэм ар апэуцугъ, лIыгъэ зэрихьэзэ зэрэфэхыгъэр икъоджэгъухэм къафаIощтыгъ.

1942-рэ илъэсым фашист техакIохэр Темыр Кавказым заокIэ къибэнэнхэу загъэхьазырыщтыгъ. Бэгъэрэт Зое пчэдыжьым районым ивоенкомат кIуагъэ, дзэм икъулыкъушIэхэм ахагъэхьанэу ялъэIугъ. Пшъашъэм къедэIугъэх, ау заом агъэкIуагъэп.

Ухъумэн Iофхэр гъэцэкIэгъэнхэм фэшI Ростов-на-Дону ащэгъэ купым хэфагъ. Чэщи, мафи пытапIэхэр агъэпсыщтыгъэх. Зое къызэриIотэжьыщтыгъэу, цIыфхэм уялъэIун ищыкIэгъагъэп. Пыйхэм кIуапIэ арамытыным пае Iофэу агъэцакIэрэм имэхьанэ зэкIэми дэгъоу къагурыIощтыгъ.

## Дзэм кIуагъэ

1942-рэ илъэсым, мэкъуогъум и 2-м военкоматыр Бэгъэрэт Зое къеджагъ. Кощхьэблэ районым щыщ пшъэшъэ 40-мэ ахэтэу дзэ къулыкъум кIуагъэ.

Я 3-рэ зенитнэ-пулемет полкым къулыкъур щыригъэжьагъ. Я 339-рэ зенитнэ-топ полкым наводчикэу агъакIуи, заом ыкIыб щыIэ шъолъырхэм, хэгъэгу гъунапкъэхэм якъэухъумэн хэлэжьагъ.

Азербайджан икъэлэ шъхьаIэу Баку полкыр щыIэу Кавказышхор заом хэщагъэ зэрэхъурэр З. Бэгъэрэтым ылъэгъущтыгъ.

Хэгъэгум исамолетхэм, танкхэм, машинэхэм ящыкIэгъэ гъэстыныпхъэр аIэкIэгъэхьэгъэным тидзэкIолIхэр пылъыгъэх, Баку рацырэ гъэстыныпхъэр мэкIагъэп. Зыгъэпсэфыпlэхэм, еджапIэхэм уIагъэхэм ащяIазэщтыгъэх.

Адыгэ пшъашъэр Баку иошъогу икъэухъумэн хэлэжьэрэ дзэкIолIхэм ахэтэу къулыкъур дэгъу дэдэу зэрихьырэр икомандирхэм хагъэунэфыкIыгъ, бгъэхэль тамыгъи къыратыгъ. Кавказ икъэухъумэн хэлажьэзэ, медаль зэфэшъхьафхэр З. Бэгъэрэтым къыфагъэшъошагъэх.

## Ядэжь къызегъэзэжьым

1945-рэ илъэсым бэдзэогъу мазэм Зое ядэжь къыгъэзэжьыгъ. Культурэм фэгъэхьыгъэ училищыр Краснодар къыщиухыгъ. РСФСР-м и Апшъэрэ Совет идепутатэу гъогогъуитIо хадзыгъ. Икъуаджэу Фэдз итхылъеджапIэ щыригъажьи, илъэс 52-рэ Iоф ышIагъ. Кощхьэблэ районым культурэмкIэ иотдел, районым икIэлэцIыкIу тхылъеджапIэ япащэу щытыгъ. Пенсием зэкIом рэхьатэу унэм исыгъэп, общественнэ Iофхэр ыгъэцэкIагъэх.

1998-рэ илъэсым идунай зыхъожьыгъэ Бэгъэрэт Зое цIыфхэм ащыгъупшэрэп. Кощхьаблэ искусствэхэмкIэ икIэлэцIыкIу еджапIэу Хьагъэудж Мыхьамэт ыцIэ зыхьырэм ипащэу А. КIэдэкIоим къызэриIуагъэу, ТекIоныгъэм и Мафэ къэзыгъэблэгъагъэхэм афэгъэхьыгъэ зэхахьэхэм пIуныгъэ мэхьэнэ ин араты. Хьугъэ-шIагъэ къэбархэр ныбжьыкIэхэм къафаIуатэзэ, щыIэныгъэм фагъасэх.

**ЕМТIЫЛЪ Нурбый.**

